



Pou Piblikasyon Imedya: 01/02/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO AKÒDE PWOLONJMAN 90 JOU POU PÈMAN TAKS SOU
REVNI POU TRAVAYÈ FEDERAL YO TE BAY KONJE SAN SALÈ YO**

***Lòd sa ap Swiv Direktiv Gouvènè a te bay DOL Eta ak Biwo pou Asistans Tanporè
ak Andikap la pou yo Agrandi Avantaj Prestasyon yo pou Travayè k ap Chache
Jwenn Asirans Chomaj ak Lòt Asistans yo***

***L ap Siyen Lejislasyon pou Pwolonje Dèle Depozisyon Taks sou Pwopriyete Lokal
yo 90 Jou pou Anplwaye Federal Fèmti Gouvènman te Afekte yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te bay Depatman Enpo ak Finans (Department of Taxation and Finance) Eta New York la lòd pou yo renonse a sanksyon pou pèman ki an reta yo epi sispann aktivite koleksyon yo pou 90 jou apre dèle 15 Avril pou depoze deklarasyon taks sou revni an pou travayè federal yo te bay konje san salè yo. Gouvènè a te bay Depatman Travay Eta a (State Department of Labor, DOL) [lòd](#) tou pou yo akselere ak agrandi asistans pou travayè k ap chache jwenn prestasyon asirans chomaj yo, epi li te bay Biwo pou Asistans Tanporè ak Andikap Eta a (State Office of Temporary and Disability Assistance) lòd pou yo mete prestasyon asistans piblik yo disponib pou lwaye, pwovizyon makèt, ak sèvis piblik pou travayè yo te bay konje san salè yo. Anplis de sa, Gouvènè a te siyen lejislasyon k ap otorize gouvènman lokal yo pwolonje dèle depozisyon taks sou pwopriyete lokal yo pou anplwaye federal fèmti gouvènman an te afekte yo.

“Pandan gouvènman federal la ap jwe politik avèk mwayen sibzistans anpil milye travayè, Eta New York la pran responsablite yon lòt fwa ankò pou nou ede fanmi travayè yo”, **Gouvènè Cuomo te deklare.** “Anpil Nouyòkè gen fakti vèsman pèman taks eta ak taks lokal pou yo peye pandan premye mwa ane a yo, epi mezi nou ap pran jodi a yo pral ofri soulajman ke anplwaye federal yo te fòse rate chèk salè travay yo akòz fèmti gouvènman an, gravman bezwen. Nou ap toujou kanpe ak fanm ak gason k ap travay di nan eta sa a yo epi n ap kontinye fè tout sa nou kapab pou nou lite kont atak Washington ap fè sou pèp nou an.”

Anba lidèchip Gouvènè Cuomo, Eta New York te pran plizyè mezi pou ede Nouyòkè yo epi atenyè efè fèmti gouvènman federal la genyen sou yo. Jou 22 Janvyè a, Gouvènè a te bay SUNY ak CUNY [lòd](#) pou yo ede etidyan fèmti gouvènman federal la te afekte yo avèk depans ki gen rapò ak aktivite inivèsité yo. Sou direksyon sa a, SUNY ak CUNY te ranvwaye frè eskolè ak lòt pèman ki asosye yo, epi yo te renonse a frè ak sanksyon pou pèman an reta yo pou etidyan ki se anplwaye federal yo, ki se depandan yon anplwaye federal, ak etidyan ki depann de prè nan men gouvènman federal la yo. Anplis de sa, pou asire etidyan K-12 ki depann de pwogram federal yo pou repa lekòl yo pa te rete grangou pandan fèmti gouvènman an, Gouvènè a [te mande](#) Depatman Èdikasyon Eta a

(State Education Department) pou yo ofri elèv ki afekte yo repa gratis atravè pwogram 'Okenn Etidyan Pa Nan Grangou' a (No Student Goes Hungry).

Nan kad lejislasyon yo te siyen jodi a yo, gouvènman lokal ak distri lekòl ki responsab pou kolekte taks sou pwopriyete yo ka otorize yon pwolonjman 90 jou sou dèlè pou pèman anplwaye federal yo te bay konje san salè oswa yo pa te peye yo deziyen yo, oswa lajan konjwen oswa konpay domestik yo dwe yo, akòz de eka gouvènman federal la te kite rive nan apwopriyasyon diskresyonè yo. Pwolonjman 90 jou sa a pral kòmanse apati de fen eka nan apwopriyasyon federal yo, epi yo pap akimile ni enterè ni sanksyon pou taks yo pa te peye pandan peryòd pwolonjman dèlè a.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Ekzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)